Берашна Библи

Д1агойту

# Дуьххьарлера марха



Автор: Edward Hughes

Иллюстраци йина: Janie Forest
Alastair Paterson

Адаптаци йина: Lyn Doerksen

Гочдар: www.christian-translation.com

Зорбане яьккхина: Bible for Children
www.M1914.org

©2021 Bible for Children, Inc.
Лицензи: хьан копировать ян я зорбане яккха бакъо ю, нагахь санна и копи йохка новкъа ца яьккхинехь.

Зуда г1овг1ане ломан хьалха латтташ яра. Цуьнан сингаттаме б1аьргаш ирчачу суьрте хьалахьежара.



Цуьнан к1ант леш вара. Нана Марьям яра. Иза яра 1иса ж1арах д1атоьхначу цу меттиган уллехь лаьтташ.



Иза муха нисделлера? Оццул хаза дахар муха чекхделира 1исан оцу ирчачу кепара?



Дала муха магийтира, шен к1ант оцу ж1а1арах д1а а тоьхна валар? 1иса ша вийцарехь г1алат ваьлла хилла те? Я цуьнан Дела галваьлла те?



Х1ан-х1а, Дела гал ца ваьлла. 1исас цхьан а г1алат ца дина. 1исана даимана а хаьара ша вочу наха 1ожаллина кера д1алура вуй. 1иса жима бера долш а дийцира Симеон бохучу воккхачу стага цаьрга бог1ура болчу сингаттамах лаьцна.



1иса вала
масех де
дисчи цхьана
зудчо къаьхьа
боькхнаш йоьттира
Цуьнан когаш т1е.
“Ма боькхнаш
яйьар ду”, -элира
Цуьнан мутъ1еламаша.
“Цо болх дик би”, -элира
1исас,- “Цо иза сан тезетана дина”.
Ма тамашенна дешнаш ду!



Цулла т1аьхьа, Цуьнан шийттанах цхьаъ волу мутъ1елам Юда реза хилира 1исана 30 дети ахчанах тешнабехк бан.



Европин мархадостучу тойнехь 1иса т1аьххьара 1ира Шен ут1еламашца. Цо цаьрга Делах лаьцна, Ша везачарна Цо лурдерг а хьахош, хаза х1уманаш дийцира.



Т1аккха 1исас цаьрга бепиг а, кад а кховдийра. Уьш 1исан дег1 а, ц1ий а къинош гечдийриг д1аделла хилар хаам бан безаш дара.



Т1аккха дийцира 1исас шен доттаг1ошка, Ша цара вухкур хилар а, уьш шех бовдар хиларх а лаьцна. “Со водура вац” - къар ца лора Петер. “Н1аьно кхайкхале, ахь кхуза букъ тухура бу суна” -элира 1исас.



Цул т1аьхьа 1иса Гефсиман беша вахара Далла 1амал ян. Цуьнца хиллачу мутъ1еламашна набарш кхеттера.



“Сан Да”, - до1а дора 1исас, - сан кад кхачийта ахь суна. Суна ма лаъара а ца хуьлуьйтуш-Хьуна ма лаъара.



Ц1еххьана йоккха тоба еара беша, Иуда коьртехь а волуш. 1исас дуьхьало ца йора. Амма Петара цхьана коьрта килсочун лайна лерг даьккхира.
1иса т1е а кхевдина, цу лергана г1оли йира. 1исана хаьара шен лацар Делан лааман дакъа дуй.



Тобано 1иса д1авигира коьрта кильсахочуьнан ц1ийнан уьйт1а. Оцу Юдас схьахьехначара 1исана 1ожаллин кхел йира. Лайний ц1еран гена воццуш, хьоьжуш латтташ, Петар а вара.



Кхуза наха, Петере а хьовсуш, элира:
“Хьо 1исаца вар-кх!”  1исас ма аллара,
Петерс кхуза ца
хилар
т1еч1аг1дира.
Петерс дуй а
бууш ч1аг1о
а йинера.



Оццу хенахь н1аьно кхайкхира. Дала Питере кхойкхуш санн. 1исан дешнаш дага а деана, Петер доггаха вилхира.





Юда а дохковаьллера ша
диначунна. Цунна хаьара
1исан бехк боций
цхьаннен а къинехь.



Юда 30 дети ахча юха дала лууш вара. Амма коьрта килсахошна ца лиира уьш схьаэца.



Юда дети ахчанаш
охьа а кхиссина
ирхаоллавелира.

Килсахоша 1иса Риман куьйгалхочунна, Пилатан хьа валийра. Пилата элира: “Суна хьокху стеган бехк ца го”. Амма тобано хьалаолла иза бохуш маьхьарий беттара.



Т1аьххьаре а, Пилата цара бохург а дина, жа1ари т1е Иза хьалаоллар т1еч1аг1дира. Салташа еттара 1исана, юьхь т1е шеташ еттара, шеддаш деттара.



Цара ирачу серех баь1аш долуш таж а йина Цунна коьртах йоьллира. Цулла т1аьхьа цара Иза дечиган жа1ари т1е хьалатуьйхира, кхин д1а валийта.





1исана даимана а хаьара Ша ишта лийра вуй. Шен валарца шех тешначу нехан къинош гечдийра дуй а хаьара цунна. 1исан юххехь хьалатоьхна кхин а ши зуламхо вара. Цхьаъ 1исах теша а тешна, ялсамане вахара. Шолг1аниг ца вахара.



Дуккха а баланаш лайаначулла т1аьхьа,
1исис: “Дерриге а чекхдели”,
- аьлла, велира.





Цо хьегна къа кхочушхилира. Доттаг1оша кешнашкахь д1авоьллира Иза.

Т1аккха Риман салташа къуба д1а акъевлина, юххе г1аролаш х1иттийра, цхьан а чувог1ура воцуш.




Иза историн чаккхе хиллехь, ма сингаттаме хира дара иза. Амма Дала ч1ог1а хаза х1ума дира.
Цо иза вен ца вийра.

Сахуьллуш 1уьйрана хьалхарчу к1иранах 1исан цхьаболчу мутъ1еламашна кош тера т1улг охьабоьжна карийра.




Уьш каш
чу хьаьвсичи,
царна цу чохь
1иса ца гира.

Цхьа зуда каш юххехь цоьлхуш латтара. 1иса веара цунна.




Зуда хазахетарца
д1аиккхира, хазахетарца
мут1еламашка мохь а
бетташ: “1иса дина
ву! 1иса веллачура
денвелла!“



Кеста 1иса мут1еламашна т1е а веана,
шен хьостамех лазийна куьйгаш
гайтира. Иза бакъ дара. 1ИСА ЮХА А
ДИЙНА ВАРА. Иза Петерна
къинт1ера велира шех д1акъастарна.
Шен мут1еламашка Шех лаьцна
дийцар дехар а дира цо. Цул т1аьхьа
иза стигал хьалавелира, Ша дуьнен
т1е волучу хенахь схьавеанче.

Дуьххьарлера марха

Делан Дашца истории, Библи

чохь ю

Матвея 26-28, Луки 22-24,
Ивана 13-21

“Хьан дешнех бакъдерг кхетаме ду.”
Псалом 119:130

# Чаккхе

Х1окху Библин историно дуьйцу, хьо кхоьллинчу, Ша хьуна вевзийла луучу исбаьхьчу Делах лаьцна.

Далла хаьа Ша къа олуш долу вон х1умнаш вайгара дийлинийла. Ахь диначу къинна хьуна 1ожалла йог1у, амма Далла хьо сила ч1ог1а дукхавезарна шен цхьаъ бен воцу к1ант 1иса воуьйту, хьуна хьалхара ж1ара т1ехь вала а, ахь дина къинош такха а. Цул т1аьхьа 1иса, дуьнен т1е а вог1ий, юха стигала хьалавоьду! Иза хьан дахаре а веана, хьо цуьнца азаллехь вехара ву.

Хьо тешахь иза бакъ хиларх ала Деле:
Хьомсара 1иса, со хьо Дела хиларх а теша,
хьо сан къиношна хьалхара валархьама
адам хиларх а теша. Х1инца хьо юха а
дийна ву. Доьха Хьоьга, Хьайца цхьана
дийнахь азаллехь хилархьама керла дахар
доладайтахьа соьга, сан дахаре а волий
гечдехьа суна сан къинош а. Г1одехьа
Хьайна т1еверза а, Хьайн Бера санна ваха а.
Амин.

Библи еша. Делаца денна а къамел де.
Ивана 3:13